



QUIXOTE CENTER

Deklarasyon Quixote Center kont entèvansyon militè an Ayiti.

August 2022

Kriz ensekirite nan Pòtoprens grav. Nan mwa jiyè sèlman, prèske 500 moun mouri, lè gang ap goumen ak gang nan Site Solèy. Gwoup moun ak zam kontwole transpò sou wout ki mennen antre ak soti nan kapital la epi yo itilize pouvwa sa pou volè zafè moun k ap vwayaje epi biznis yo, fè kidnapin epi fè gwo zak vyolans sou moun ki konteste pouvwa yo.

Lè n ap gade jan sitiyaasyon an ap vin pi mal de jou an jou, pou yon pakèt moun nesosite pou yon fòs ki ta soti lòt bò dlo ta vini epi demantle tout gang sa yo parèt enteresan. Louis Almagro, sekretè jeneral Òganizasyon Eta Ameriken [t ap mande pou Nasyonzini tounen](#), misyon pou lapè (Misyon Nasyonzini pou estabilize Ayiti oubyen MINUSTAH te okipe peyi a depi 2004 pou rive 2017. Depi kèk tan, Washington Post ap mande pou twoup yo tounen an Ayiti epi yo retounen lanse [apèl la](#) nan yon editoryal semèn pase a. Pam White, ansyen Anbasadè Etazini an Ayiti, te pale [pi dirèk](#): “degaje nou twouve yon fason pou voye twoup ki byen fòme ak byen ekipe an Ayiti – ayè”.

Apèl pou peyi etranje vin fòre bouch yo nan zafè Ayiti chita sou yon sipozisyon: sitiyaasyon sekirite a ekstrèm, epi pèp ayisyen an twò divize pou yo antann yo sou kesyon fondamantal ki konsène tranzisyon soti nan rejim Henry a ki sou pouvwa aktyèlman, rive nan yon seri nouvo enstitisyon ki ta pral gouvènè. Kesyon serye sou kijan ak moun ki òganize eleksyon rete yon pikan kwenna, pa egzanp. Nan kontèks sa a, yon koral vwa ap rele pou kominote entènasyonal la pou di yon mo epi range bagay yo vale teren.

Nou pa dakò. **Quixote Center kont tout fòm entèvansyon militè etranje an Ayiti.**

Nan de lane ki sot pase yo, òganizasyon sosyete sivil ayisyen yo angaje yo nan gwo dyalòg sou kesyon gouvènans. Se nan pwosesis sa a Komisyon kap chèche yon solisyon ayisyen pou kriz la soti.

Lè sa, Komisyon an kòmanse travay li nan mwa janvyè 2021, Jovenel Moïse te toujou prezidan e li t ap dirije pa dekrè. Kominote entènasyonal la, ki te gen nan tèt li gouvènman Etazini an, te kontinye ap kore Moïse, malgre yon sitiyaasyon sekirite ki t ap degrengole, lefèt ke gouvènman Moïse la te sanble li te [konplis](#) nan anpil vyolans, epi rejim li a pa t respekte manman lwa peyi a.

Lè kominote entènasyonal la bite Moïse konsa, li fè yon gwo neglijan sou prensip demokrasi. Se sa ki mennen Ayiti nan kriz aktyèl la. Poutan travay Komisyon an rive pèmet yon dyalòg nan mitan sosyete sivil la ki depase mezantant ideyolojik. Kidonk, menm bagay Almagro ak lòt moun sijere a pa kapab fèt san kominote entènasyonal la pa mete bouch nan koze a, ebyen sa ap pase kounye a, e sa gen plis pase 18 mwa depi lap fèt!

Ayiti pa bezwen yon fòs Nasyonzini pou anvayi pou kreye yon espas dyalòg. Sa yo bezwen se pou kominote entènasyonal la sispann sipò san rezèv l ap bay Henry pou gouvènman aktyèl la patisipe onètman nan dyalòg ki te deja kòmanse a.

Anplis de sa, nou konstate dènye eksperyans Ayiti avek entèvasyon militè sou MINUSTAH te yon katastwòf. Tout moun konnenn fòs Nasyonzini yo te vini ak kolera nan Ayiti nan lane 2010, san nou pa bliye vyolans seksyèl ak eksplwatasyon seksyèl ki fèt akòz okipasyon an.

Poutan, jounen jodi a, nou bliye fòs MINUSTAH yo te fè lot gwo vyolasyon dwa moun. Pa egzanp, pandan 18 mwa, sòlda Nasyonzini yo te atake katye ki pi pòv nan Pòtoprens yo, ak tout yon seri gwo [atak sou Site Solèy](#) kote plizyè dizèn moun mouri. Sòlda Nasyonzini nan elikoptè tire sou tout moun alawonnbadè, yo touye timoun k ap dòmi ak paran yo avèk katouch ki chire tòl ki sèvi kòm do ak mi kay yo. Atak ki te fèt nan Site Solèy pa t fèt pou elimine gang men pito pou elimine yon lidè, se te Dread Wilme, ki pa t dakò ak okipasyon Nasyonzini a. Gang yo te toujou la.

Menm jan nou [te wè l nan Wikileaks](#) annaprè, gras ak sipò ak konesans Anbasad Etazini, lidè biznis prive yo bay lapolis ansanm ak chèf gang rival yo zam pou yo ka ba yo “sekirite” pou operasyon yo epi pou kontwòle katye tankou Site Solèy ak Bèlè. Sa vle di, okipasyon an te fè kriz ensekirite a vini pi mal nan makònen kolaborasyon nan mitan elit ekonomik, politik, lapolis, gwoup moun ak zam yo. Kidonk, atak MINUSTAH te fè nan kominote sa yo pa t bay Ayisyen sekirite men yo t ap sipòte yon klas ekonomik ki t ap chèche kenbe wòl dominan yo nan politik ayisyen an. Pa gen okenn rezon pou nou ta kwè yon nouvo entèvasyon militè Nasyonzini pral aji yon lòt jan.

Kidonk, kisa kominote entènasyonal la ka fè?

Premyèman, Lèzetazini ka sispann bay gouvènman defakto Ariel Henry a sipò san rezèv. Toutotan Depatman Deta Ameriken an ap soutni Henry, y ap pase nan betiz tout revandikasyon kont enpasyalite. **Sèl yon solisyon Ayisyen pran kapab fè bagay yo tounen estab ankò. Epi, sèl fason sa ka rive se si Etazini chanje fizi l zepòl.**

Dezyèmman, yon akò sou gouvènans ta dwe aplike epi ensekirite a ta ka yon gwo obstak. Men fòk gen yon akò sou gouvènans ki fèt an premye, aprè sa, y a wè kijan y a jere pwoblèm ensekirite a gras ak teknik y ap mete an plas. **Kominote entènasyonal la ka ede, men anba lòd otorite tranzisyon Ayisyen an, pa nan plas li.**

Twazyèmman, **fòk yo manyen pwoblèm ensekirite nètalkole a jouk nan zo.** Gang yo se yon sentòm plizyè kriz epi li transvèsal: vil k ap agrandi, mank resous nan sèvis piblik yo ki gen ladan l edikasyon piblik, mank mwayen travay, k ap mennen nan yon povrete alekstrèm. Moun rantre nan gang (oswa y al viv lòt kote) lè yo pa wè okenn lòt fason pou amelyore lavi yo.

Kominote entènasyonal la te kontribye anpil nan pwoblèm sa yo pandan tout ane kote politik ajisteman estriktirèl t ap kraze sektè piblik la an Ayiti an echanj akò sèvis sou dèt la. Kominote entènasyonal la ta dwe anile yon bon pati nan dèt entènasyonal Ayiti a ki te sitou ogmante pandan gouvènman defakto.

ONG entènasyonal yo jwe pati pa yo tou nan mete sou pye pwogram pou ede moun ki nan mizè a pou fè lacharite men yo pa kreye travay ki peye moun lajan k ap pèmèt yo viv oswa ki bay aksè ak mache ki byen peye pou resous natirèl ak pwodui agrikòl Ayiti yo.

Katriyèman, kote gang yo ap fonksyone, **koute moun k ap travay pou mete lapè yo**. Moun ki nan kominote an boulvès tankou Site Solèy, Matisan ak lòt kote vle lapè. Yo konnen istwa kominote yo. Yo konnen moun ki nan gang yo epi yo konprann sa ki lakòz pwoblèm nan. Yo konnen sa ki te mache nan kominote yo ak sa ki pa t mache. Koute yo! Sa a se yon devwa òganizasyon non-gouvènmantral (ONG) yo genyen. ONG yo twò souvan mete tèt yo ant pèp la a ak moun ki gen pouvwa yo; ONG yo aji tankou filtè lè yo ta dwe anplifikatè. Yo menm tou, yo bezwen respekte solisyon Ayisyen pran.

Senkyèman, **Etazini ak gouvènman peyi nan Karayib yo bezwen fè plis pou goumen kont lavant zam ilegal an Ayiti**. Lavant zam an Ayiti ta sipoze gentan limite epi anba anpil kontwòl, men li klè sistèm nan kraze. Lèzetazini dwe evalye, ranje epi ranfòse sistèm sa a ansanm ak otorite ofisyèl ki soti Ayiti ak Repiblik Dominikèn.

Finalman, nan dat 8 dawout 2022, Luis Almagro te pibliye yon [deklarasyon](#) kote li te di: “nan 20 dènye lane yo, prezans kominote entènasyonal la an Ayiti se youn nan echèk ki pi move epi pi klè yo te janm mete sou pye epi egzekite nan kad nenpòt kowoperasyon entènasyonal.” Nou dakò. Poutan annaprè, nan menm deklarasyon an, Almagro te ensiste kominote entènasyonal la te gen yon wòl endispansab pou li jwe epi jan yo te remake sa, kèk jou aprè li te sijere pou yon misyon Nasyonziini pou mete lapè ta retounen.

Rekonèt echèk entèkansyon pase yo, pandan y ap ankouraje pou ta gen lòt entèkansyon nan tan k ap vini yo, pa gen okenn sans. Kominote entènasyonal la dwe angaje l pou l pran yon lòt chimen ak Ayiti, yon chimen ki respekte inisiativ sosyete sivil ayisyen an ki nan moman an la ap eseye konstwi yon lavni ki pi demokratik. Si sitiyoasyon ki genyen Ayiti a grav, ebyen petèt li mande pou gen mezi ki pi radikal ki pran, epi annou gade sa klè, sèl bagay nou pa ko eseye se pou pa ta gen entèkansyon ki fèt ditou. Petèt lè a rive.